ФИФЫ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕЙ ЛЫГЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№74 (21.982) ● 2011 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 28, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Накьыгъэм и 1 махуэшхуэм - ГуащIэрыпсэухэм я зэкъуэтыныгъэм и дунейпсо махуэм ирихьелIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ Профсоюзхэм я федерацэмрэ республикэм и цIыхухэм

ЗЭРЫЗЫХУАГЪАЗЭР

ПщIэ зыхуэтщI ди лъахэгъуэ!

Лэжьыгъэ IэнатIэхэм цIыдэ къытыкIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIуэ Чикагэ и рабочэхэм ирагъэкIуэкIа демонстрацэм хэтахэр гущIэгъуншIуэ зэбграхуауэ зэряцытам и фэеплъу, накьыгъэм и 1-м ГуащIэрыпсэухэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэр дуней псом щагъэлъапIэ.

Гъатхэм, Лэжьыгъэм я махуэшхуэру зэрыщытым къыдэкIуэу, урысей цIыхухэм я дежкIэ Накьыгъэм и 1-р Зэкъуэтныныгъэм, захуэгъэм щIэбэныным и махуэу щытащ, идкыри апхуэдэу кьоно.

Апхуэдэ мурадкэр зэгъэхьулIэныжьмкIэ, экономикэм и зыужьныгъэр кьыззэтесгъэнэныжьмкIэ, хозяйствэм и IэнатIэр инноваци зыужьныгъэм и гъэгуум тегъэувэным хуэунэтIауэ елэжьхэр дэIыгъыныжьмкIэ икIи цIыхухэм зыхуэфащэ лэжьапIщIэ яIэныжьмкIэ, зэи хуэмыдэжу нобэ мыхьэнэшхуэ нIэщ властым, профсоюзхэм, лэжьапIэ зытхэм, лэжьакIуэ гупхэм, республикэм ис псомэ я зэфIэкIхэр зэщIэгъэуIуэным.

Социальнэ зэдэлэжьэныгъэм и IэнатIэ псоми парламент Iэмалхэр кьыщагъэсэбэпурэ, экономикэм и зыужьныгъэм и идкыгрей лъэхъэнэм профсоюзхэр лэжьакIуэ цIыхум кьыщухэщэж, абы кьыщыныгъэ нэхъ гугъуехь ешхэр дагъэкIыныжьмкIэ хэкIыпIэхэр кьыхьлъхэ. Социальнэ зэдэлэжьэныгъэр тэмэму зэтегъэувэныр республикэм зэпIэзэрыгъэ зиужьныжьмкIэ, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэныжьмкIэ лъабжьэ быдэщ.

КЪР-м и Президент Къаночкуэ Арсен республикэм и Парламентым Зэрызыхухигъэзам IупщIу щыгъэбезджылащ дыззэрыт илъэсым нэхъ зэгугъун хуейхэр, властымрэ управленэмрэ, жылагъуэ зэгугъныбзэхэм кьыгIотэщыт кьалэнхэр гъэззэщIэныжьмкIэ кьаБгъэдэхуэу кьалэнхэмрэ Iуэхуэхэмрэ.

Лъэпкъ куэд щыпсэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм яхуэфэщэн акъылрэ зэхэщIыкIрэ ябгъэдэльщ икIи абы Iэмал кьытын хуейщ социально-экономикэ зыужьныгъэр щIэгъэхуэфбжьэныжьмкIэ, терроризмымрэ экстремизмымрэ я щынагъуэм дыпщIэтыныжьмкIэ.

Щыхухэр зэкъуэгурыкIым, атIэахэр зэкъуэгъэувэныгъэр сыт хуэдэ гугъуехьри кьыззэнэкIыныжьмкIэ хэкIыпIэр. Щынальэмэ зэрыщыту кьэралми я экономикэм зегъэужьныгъэр ди унагъуэхэм ефIэкIуэныгъэ яIэныжьмкIэ, пенсионерхэм псэукIэ тэмэм кьахуэзгъэзэпещIыжьмкIэ, щIэблэщIэр насыпыфIэу щытыныжьмкIэ щэсцIэпIэ.

Профсоюз зэщIэхьееныгъэм и хабзэхэр дагъэпытэу, гуащIэдэкIым хуэфащэ пщIэ игъэуатыным щIэбэнэгъэ, республикэм и гуащIэрыпсэухэм дызыхухэкIуэ махуэшхуэм кьагъэльгъуэн хуейщ езыхэр быдэу зэрызэкъуэтыр.

Накьыгъэм и 1-р дэ быдэу дыззэрызэкъуэтым, ди хуитныныгъэхэр тхьэмэшкIэ зэрытхуэзэфIэкIынум и щыхьэт наIуэ ирехьу.

Ди хэкуэгъу лъапIэхэ!

Республикэм и Правительствэмрэ КЪР-м и Профсоюзхэм я федерацэмрэ быдэу я фIыщ мэхъу накьыгъэм и 1-м екIуэныжьу Iуэхуэхэр гуащIэрыпсэухэр зэрызэкъуэтым, цIыху псоми зэкъуэтныныгъэ зэрахэлъым, ди жылагъуэр нэхъри быдэу зэрызэкъуэувэм и щыхьэт наIуэ зэрыхьуну.

Социальнэ и лъэныкъуэкIэ лей зытемыхьэ цIыхухэр щыпсэу, къэрал щэсцIэпIэхэр щагъэзащIэ щынаIуэ Бгъэдэй-Балъкъэрыр щыным теухуауэ дэ ди мурадкэр зэтохуэ.

Ди гуапэу дынывохьэхьу Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэмкIэ!

Фэри фи унагъуэхэми мамырыгъэр зэкъуэтныныгъэр иIыну, фIыр фи плъапIэу щытыну, уэзыншагъэр ефIэкIуэныгъэрэ фиIэну ди гуапэщ. ГуфIэгъуэ махуэм екIуэкIыну дауэдапщэхэм хэтыну кьыдогъблагъэ лэжьакIуэ гупхэр, жылагъуэ зэгугъныбзэхэм и тхьамадэ **Шыхьэубахьуэ Мухьэмэд** сымэ, нэгъуэщIхэри.

БАЦIЭ ФатIимэ.

КЪР-м и Правительствэм и цIыкIэ КЪР-м и Правительствэм и Унафэщ
ГЕРТЕР Иван

Профсоюзхэм я федерацэм и цIыкIэ КЪР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и унафэщ
АХЬЕЙ Фаинэ

● КЪБР-м и Парламентым

ЩIыр нэгъэсауэ къамыгъэсэбэпу къалъытэ

Республикэм и Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануар, комитет зыбжанэм я лыкIуэхэр, Шэджэм районым и администрацэм и Iатащхэ Бакъ Руслан, районым и жылагъуэхэм я администрацэхэм я Iэтащхэхэр зыгъэцIэкIа КЪР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ и комитетым Шэджэм муниципальнэ районым щригъэкIуэкIа зэIущIэм щецэIуащ икIи щытепсэлыхьащ КЪР-м Къэзыщыгъэ-къэзыбж и палатэм и отчет зыбжанэм.

ПСОМ хуэмыдэу зыубгъуауэ тепсэлыхьащ Шэджэм муниципальнэ районым и унафэм щIэт щыхьэр 2009 гъэм кьыззрагъэсэбэпам теухуауэ КЪР-м Къэзыщыгъэкъэзыбж и палатэм игъэкIуэкIа къэщыптэнэгъэм къарикIуаухэм. Палатэм и аудитор **Хочиевэ Лейла** зэIущIэм хэтахэм гу лъаригъэтащ абы и лъэныкъуэкIэ щыIэ ныкъусаныгъэ зыбжанэм. 2010 гъэм щыщылэм и 1-м ирихьелIэу районым щIыуэ ныIтыр гектар мини 150,3-рэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, республикэм щIыуэ иIэм и процент 12,1-рэ, мэхъу. Абыхэм ящыщу щIыпIэ администрацэм гектар мини 144,1-рэ (щы псоми я процент 95,6-рэ) Iэщ1зыL. Щыхэм я нэхъыбапIэр мэкъумэщхIэр кьэлэжьыным хуэунэтIауэ кьаГъэсэбэп.

КЪР-м щIыр кьэгъэсэбэпыным пыщIа IуэхуэхмкIэ ведомствэхэм эздэй я комиссэм кьыззэрылъхьам тету, 2009 гъэм КЪР-м и Правительствэм мэкъумэщ щIапIэхэм щыт щы Iыхьэу 9 нэгъуэщI щы IэужьыгъуэхэмкIэ хэгъэхьэным теухуа унафэу 2 кьищIащ. Абыхэм ящыщ ятIонэрэ мэкъумэщ щIапIэхэм кьыхагъэкIащ гектар 250-м нэбгырабзэ. Федеральнэ мылькур зехьэныжьмкIэ федеральнэ агентствэм и Щыналъэ управленэу КЪР-м щыIэм кьызэрагъэмкIэ, а зэманым кьыгуфIыгъуэ федеральнэ мылькум хыхьэ щIыхьэм ящыщу зыри зы лэужьыгъуэм кьыхагъэкIыу нэгъуэщI лэужьыгъуэм хагъэхьащ.

Мэкъумэщ щIапIэхэм кьыхагъэкIыу нэгъуэщI лэужьыгъуэхэм хагъэхьа щы Iыхьэу щы хэчыхьауэ къащтэри кьапщытати, абыхэм ящыщу Шэджэм кьалэ жылагъуэмрэ Щхьэлыкьуэ кьуажэ жылагъуэмрэ хиубыдэ щы IыхьитIыр щыIэзэрагъэсэбэпыр яхуэгъэбезджылакьым. КЪР-м Къэзыщыгъэ-къэзыбж и палатэм и Iэщагъэ-Iэхэм кьыззралытамкIэ, апхуэдэ ныкъусаныгъэхэм я зэранкIэ район бюджетым 2009 гъэм бэджэнд уасэу сом мини 20-м нэблагъэ кьыIэрымыкьэу кьэнащ.

Мэкъумэщ щIапIэхэм ящыщу 2010 гъэм щыщылэм и 1-м ирихьелIэу щIэупщIэ зэрамыIэм кьыхэкIыну кьамыгъэсэбэпхэр гектар мини 12 е районым Iэщэль псоми я процент 25-рэ мэхъу. КьызэрабжамкIэ, апхуэдизу щыIэм бэджэнд уасэу сом мелуани 3-м щегъэжьауэ сом мелуани 6-м нэс кьыпэкIуэну щытащ. Щыщ щIэупщIэ щIимыIэм и щхьэусыгъуэу Хочиевэ Лейла кьелыытэ бэджэнду ятI щы Iыхьэхэм ятеухуа хьыбарыр цIыхубэ хэчыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэм гущIэгъуэ кьызэрыграмыдэзэр, а щыхэр фейдэ пыльу кьэбгъэсэбэп зэрыхьэну щыкIэр цIыхухэм зэрыгурамыгъащIуэр.

Зэ1ущIэм апхуэдэу щыжаIащ ялъныкъуэ щы Iыхьэхэр кьаралым зэрыщIэлыр убзыхуныр зэрызэфIэмыкIар. А лэжьыгъэр кIыхьлIыхь ямыщIу зэфIэгъэкIын хуейщ. Палатэм иригъэкIуэкIа кьэращIэныжьмкIэ кьаГъэлъэгъуауэ апхуэдэ щы Iыхьэхэм кьапэжьуэ бэджэнд уасэр 2008 - 2009 гъэхэм районым и муниципальнэ щыналъэхэм я бюджетхэм зэрыграгъуэщ щыкIэр УФ-м и бюджет законодательствэм кьыззэремызэгъыр. Абыхэм я зэранкIэ 2009 гъэм Шэджэм районым и бюджетым сом мин 900-м щIигъу кьыIэрымыкIыхьу кьэнащ.

Зыхэплъа Iуэхуэхэм ятIонэрэ ятIонэ Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финансхэмкIэ и комитетым Шэджэм районым щIыпIэ унафэр зегъэжьуэнымкIэ и Советымрэ жылагъуэхэм я администрацэхэмрэ чэнджэщ яритащ щIэупщIэ зэрамыIэм кьыхэкIыну кьамыгъэсэбэпа щыхэр бэджэнду тынымкIэ Iуэхуэхэр зэфIагъэкIыну. А щыхэм бэджэнд уасэу кьапэжьуэнур зэрыпэхъ мащIэ щыIэкъым 2009 гъэм щы Iыхьэхэр бэджэнду зыыIгъахэм щIата ахьшэм нэхьрэ. Апхуэдэу кьалъытащ бэджэнду ят щыхэм я уасэхэм хэпльэжьыгъэ. Урысейм Налогхэмкэ и федеральнэ кьулыкьущIапIэм и Управленэу КЪР-м щыIэм чэнджэщ ирагъэкIыну щыIэм техуэ налогыр ирикьуу кьыхихыну, абы и лъэныкъуэкIэ зэтриубгъэ щыхуэхэр зытелъкъэм яригъэщынрыжыну.

2010 гъэм и гъэмахуэм сабийхэм я узынщагъэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ хуэхаха ахьшэр кьыззрагъэсэбэпа щыкIэм теухуауэ отчет ищIащ палатэм и аудитор **Фироновэ Надеждэ.** Палатэм и IэщагъэлIхэм щэнэщIэгъэныгъэхэр хэчыхьауэ щрагъэкIуэкIащ КЪР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министерствэм, КЪР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и унафэщIхэм я щIэныгъэр ежьащIэ, Бахьсэн, Прохладнэ кьалэ округэм я муниципальнэ егъэджэным.

Зэрыщыту кьапщтэмэ, зыбжыгъэ зэпсэуху сабийхэм я бжыгъэр нэхьыбэ хуэщащ, ауэ санаторэ Iуэхущ1апIэхэм щыIахэм я бжыгъэр процент 37,2-кIэ, кьалэ щыбхэм щылажьэ лагерхэм щыIахэм я бжыгъэр процент 18,8-кIэ нэхъ мащIэ хуэщащ. Сабийхэр махуэм зэкIуалIэ лагерхэу школхэм кьыщызэIуахахэм 2010 гъэм зызытIапсэхуэ псомэ я процент 69-м щIигъур екIуэлIащ. Ауэ, зэрыгурыIуэгъуэщи, апхуэдэ лагерхэм сабийхэм я узынщагъэр егъэфIэкIуэныжьмкIэ, зегъэгъэпсэхуныжьмкIэ зэфIэкIыщхуэ яIэкъым.

Къэпщытэныгъэр щрагъэкIуэкIым щыгъуэ лэжьыгъэ нэрылъагъу кьэхьуауэ кьэралым и дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ сабийхэм щыщу санаторэхэм лагерь Iуэхущ1апIэхэмрэ ягъакIуэхэри нэхъ мащIэ зэрыхьуар.

КЪР-м и Правительствэм хуэгъэзауэ комитетым чэнджэщ зыбжанэ кьыщтащ. Абыхэм ящыщщ сабийхэр санаторэхэммрэ лагерь Iуэхущ1апIэ хэхахэмрэ нэхъыбэу зэрыгъэпсэхуп1эхэр кьэгъэсэбэпныр, Урысейпсо сабий лагерхэм КЪР-м щыщ школ-лицейхэрэ ягъэкIуэну УФ-м Лъэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министерствэм гурыIуэныр, курыт еджапIэхэм кьыщызэIуахэ лагерхэм я лэжьэкIм нэхъ ткIийуэ кIэлъыплъынымр, нэгъуэщIхэри.

Комитетым и зэIущIэм апхуэдизу кьыщаIэтащ Шэджэм районым щIэупсэухэр зыгъэпIейтей Iуэхуэхэм ящыщу зы - «Башиль», «Шэджэм» турбазэхэм кIуэ Iуэгурыр зэгъэпэщIыжыныр. А Iуэгурыр зэрызэкIэлъыплъыкIэм кьыдэжIуэу, а Iуэхущ1апIэхэм сабийхэр тэмэму зыщагъэпсэхун папщIэ зыхуеину Iэмалхэр щыIэкъым. Хэхауэ зэгупсысыпхьэхэм ящыщщ щыкIуэм я щынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыныр. А Iуэхуэр гъэзэщIа зэрыхьум КЪР-м и Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануар езыр и щхьэкIэ кIэлъыплъынущ.

КЪР-м Къэзыщыгъ-къэзыбж и палатэм и аудитор **Пэжь Мухьэмэд** тепсэлыхьащ кьэрал кIуэщI IуэхуэхэмкIэ отделу Шэджэм районым щыIэм бюджет ахьшэмрэ кьэралым мылькумрэ кьызэрыщагъэсэбэпым, «КЪР-м фэтэр куэд хьуу щыIэ унэхэр кьызэхуэт щыIэм техуауэ щыIэ унэхэр кьызэхуэт щыIэмыIэу зэгъэпэщыжыныр» республикэ программэ хэхар гъэзэщIэным тригъэкIуэдэн папщIэ кьаутIыпща бюджет ахьшэр кьызэрагъэсэбэпыр кьызэрапщытам хэрыкIуэхэр. Мы Iуэхуэм ящы ныкъусаныгъэхэр гъэзэкIуэжьным хуэунэтIа чэнджэщ пыухыкIахэр кьащтащ.

УРЫСМАМБЭТ Бэллэ,
КЪР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.



Путин арэзыкьым

ИТАР-ТАСС хьыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэм кьыгурыкIуэ. Дашнерэм Урысеймрэ я зэпсэльныгъэхэм кьарикIуаухэм щытепсэлыхьым, Копенгаген и журналистхэм я ущIэм жэуап ириту, УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1 Путин Владимир жиIащ къэрал зэгухьаныгъэ бозбжкIэ Лривием зэрегурыр, абы и унафэщI Каддафи Муамар яукIыну нужь зэритри егъэлеиу я игу зэрыримыкIыр. Лутиным къыззрильытэмкIэ, а къэгъэзэ зэгъэзыжькIыжьыну хуейр Лривием щыпсэу щIыхьэхэм, хамэ абы щыхэлIэри щыIэкъым.

Лривием екъэлIауэ ООН-м кьыщта резолюцэм щытепсэльыхьым, Урысеймрэ и Премьер-министрым жиIащ:

- Дауэ Лривием и уэгур зэрызэхуащIыр, ущыгъэ зэтракIутэгу арамэ? Каддафи дыуKIыну дыхуейкъым жаIэ, итIани ар щыпсэункIэ хъуну унэхэр зэтракъутэ. СIло, бомбэкIэ абы и щIыунэм ис дзыгъэшхуэхэр я гъуэм кьрахуу ара? Мамыру псэухэм щыщу зы щIыхьым щхьэкIуадж...

Каддафи яукIыну нужь зэритым щытепсэльыхьым, Путиныр щIэупщIащ:

- Иджы кьэрал лIыщхьэ гуэрхэм кьыхагъэщ хьуащ Каддафи яукIыну нужь зэритыр. Хэт ар абыхэм кьахуэзыдэнр? Абы и судыр ящIа? Хэт цIыху яукIыну хуитныгъэ а лIыщхьэхэм кьезыгъар?..

Премьер-министрым гу лъитащ Лривием нэхъыбэ щIыдагъэ зиIэ кьэрал Африкэм зэрыщымыIэм, газымкIи ар а щIыналъэм зэрыщыцепIланэм. Абы кьельыт а хьугъэфIагъуэхэр зыIэщIалъхьэнрауэ я мурадыр нобэ Лривием езауэ кьэралхэм.

Уэгум заIэткъым

РИА НОВОСТИ хьыбарегъащIэ Iэнатlэм кьызэритыкIэ, цIыхуаэ Индиеми и «Air India» авиакомпаниие нэхъыщхьэм щыдажьэ кхъухьльатэзекуэхэм лэжьэн щагъэтащ. А авиаIуэхущ1апIэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и унафэщIым и кьуэдзэ Нимбалькар Шобха зэрыжиIэмкIэ, абыхэм кьаГъэзэ я улахуэм хагъэхьуэн хуейщ.

А псом и зэранкIэ, Мумбаи и аэродромым тельэтыкIын хуейуэ рейсипщI бжыгъэхэр ягъэIэпхъащ. Кхъухьлъатэзекуэ нэхьыжьхэр, зи пенсэ кIуэгъуэхэр кьраджэжащи, зэкIэ и чэзум зэрытельтыкIынум рейс 20 хуэдизу хуагъэхьэзыращ, ауэ ар егъэлеяуэ мащIэщ.

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 28, *махуэку*

◆ **Лэжьыгъэр хъумэнымрэ абы и щынагъуэншагъэмрэ я дунейпсо махуэщ**

◆Урысей Федерацэм химие щынагъуэншагъэм и махуэр щагъэлъапIэ.

Дунейм и щытыкIэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым кьыззэритымкIэ, нобэ пшэ тельынущ, махуэм хуэдэу градус 19, жэщым градуси 9 щыIэнущ.

Мэлыжьыхьым и 29, *мэрем*

◆1770 гъэм Австралиер кьахутащ.

◆Химие Iэщэ кьыщагъэсэбэна зэхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъ махущ

◆Чувашие Республикэм и кьэрал дамыгъэхэм я махущ.

◆Мэлыжьыхьым и 29 - накьыгъэм и 15-хэм Братиславэрэ Кошицэрэ (Словакие) щекIуэкIыну хокIеймкIэ 75-нэ дунейпсо зэхьэзэхуэ.

◆1942 гъэм Къардэн Къубатий Ленин и орденыр етIуанэу кьратащ.

Дунейм и щытыкIэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым кьыззэритымкIэ, уэзыс мащIэу кьышхынущ, хуабэу махуэм градус 13, жэщым градуси 9 щыIэнущ.

ПIалIэныр зыгъэхьэзырар **ГЪУЩIОЗарифи.**

Лъэпкъ Iуущигъэ:

Щхьэж фIэзахуэр екъуэдий.

● Фэеплъ

Ягу къагъэкIыж

КЪР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхуэмрэ жылагъуэ зэгугъныгъэхэм ялэзэжьныжьмкIэ и министерствэмрэ «Гу кьабзэ» щIалэгъуэ зэгухьанысыгъэмрэ зэгъуэгу хэтащ «Чернобыль-25» зи фIэщыгъэщI дунейпсо акцэм.

Чернобыль АЭС-р кьызэрыуэрэ илъэс 25-рэ ирикъуащ мы гъэм. Абы кьыхэкIыу, кьэралыр куэдым щокIуэкI а Iуэхугъуэр ягу кьыщагъэкIыж, а гуауэм хэкIуэдахэм я фэеплъ, бэIуTIэу щынагъуэм зи гъащIэр ихьуэжа цIыху мелуанэм хуэгъэпса зэхьыхьэр.

«Гу кьабзэ» щIалэгъуалэ зэгухьанысыгъэм дыIыгъащ «Чернобыль-25» Iуэхур. Абы хэтхэр щызэхуэсахэщ Чернобыль АЭС-р кьыщыуам ящу хэкIуэдахэм я фэеплъым и деж икIи щэху уэздыгъэ 25-рэ щагъэнащ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщу а бэIуTIэу щынагъуэм хэкIуэдахэри ягу кьагъэкIыжащ.

БАЖЭНЭ Беслъэн.

Къемызэгъ Iуэхущ

Мы гъэм мэлыжьыхьым и 21-м кьыдэкIа «Газета Юга» газетым кьытрадзащ Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм и зэIущIэм теухуа отчетым щыщ пычыгъуэхэр. Абы хэтщ политолог Епифанцев Андрей жиIа мы цIалъэхэр: «...Республикэм нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ къуэлыкIуэ щыIэхэр зы лъэпкъым къыхэкIа цIыхухэм яIыгъыр икIи ар щытыкIэр зэIызыгъэхъэ Iуэхухэм ящыщщ».

Iуэхум тэмэму хэзыщIыкI IэнатIэхэм абы теухуауэ щыIэ информацэ псоми щыгъуазэ зэпщIауэ, зи жыдоIэ политолог Епифанцевым зи гугъу ищIым зэрыхимыщIыкIыр. Хабзэ зэрыхъуам тету, адыгэу, балъкъэру, урысу республикэм исхэм я бжыгъэм тещIыхьауэ абыхэм КЪР-м и властым и IэнатIэ псоми щахуэфэщэн увыпIэ щаIыгъщ. Республикэм ис лъэпкъ нэхъыщIхьэхэм езыхэм я бжыгъэм езэгъыу лэжьапIэ, зэрыщратыр щыбольагъу законхэр кьыдэзыгъэкI, гъэзэщIакIуэ, суд, хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм.

Аращи, Епифанцев Андрей и псалъэхэм хуэдэхэр кьекIуэкI хъыбархэм ятеущIыхьауэ е Iуэхум зэрыхамыщIыкIым щыкIэкIыу, апхуэдэу мурад щыухыкIахэм яхуэгъэзауэ зэрагъэIур Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ зэIыгъэхьэным хуэунэтIащ.

Апхуэдэ щыIэкIэр пщэчынкIэ Iэмал иIэкъым, псом хуэмыдэу Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм кьыщыпсалъэ политологым кьыщыбгъэдэкIым и деж.

КЪР-м и Жылагъуэ палатэм щэнхабзэмрэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэмрэ я IуэхуэхэмкIэ и комиссэ. КЪР-м и Журналистхэм я союз.

Мы махуэхэм

Мэлыжьыхьым и 28, *махуэку*

◆ **Лэжьыгъэр хъумэнымрэ**

Газетхэмрэ журналхэмрэ зыIэрыхьэхэм ящIэн папщIэ

«Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал Iуэхущ1апIэ зэгуэтым и къудамэу КЪР-м щыIэм 2011 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм кьагъэхьыну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ трегъэдэным мэлыжьыхьым и I-м щIидзащ. Мы лэжьыгъэр пощт Iуэхущ1апIэ псоми щекIуэкIынущ. Абыхэм я лэжьакIуэхэм цIыхухэм Iэ зыщIадза газетхэмрэ журналхэмрэ я зэманым унагъуэхэм яхьынущ. Апхуэдэу ахэр кьыщыIахьыж хъунущ езы пощт Iуэхущ1апIэхэмэ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ зыщIадзам пыщIа Iуэхуэхэм зэпкърыхьауэ щыгъуазэ зыщыфщI хъунущ связым и дэтхэнэ Iуэхущ1апIэмэ.

«Урысейм и пощт» ФГПУ-м и къудамэу КЪР-м щыIэ.

Накьыгъэм и 1 махуэшхуэм - ГуащIэрыпсэухэм я зэкъуэтыныгъэм и дунейпсо махуэм ирихьелIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ Профсоюзхэм я федерацэмрэ республикэм и цIыхухэм

ЗЭРЫЗЫХУАГЪАЗЭР

ПщIэ зыхуэтщI ди лъахэгъуэ!

Лэжьыгъэ IэнатIэхэм цIыдэ къытыкIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ Чикагэ и рабочэхэм ирагъэкIуэкIа демонстрацэм хэтахэр гущIэгъуншIуэ зэбграхуауэ зэрыщытам и фэеплъу, накьыгъэм и 1-м ГуащIэрыпсэухэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэр дуней псом щагъэлъапIэ.

Гъатхэм, Лэжьыгъэм я махуэшхуэру зэрыщытым кьыдэкIуэу, урысей цIыхухэм я дежкIэ Накьыгъэм и 1-р Зэкъуэтныныгъэм, захуэгъэм щIэбэныным и махуэу щытащ, идкыри апхуэдэу кьоно.

Апхуэдэ мурадкэр зэгъэхьулIэныжьмкIэ, экономикэм и зыужьныгъэр кьыззэтесгъэнэныжьмкIэ, хозяйствэм и IэнатIэр инноваци зыужьныгъэм и гъэгуум тегъэувэным хуэунэтIауэ елэжьхэр дэIыгъыныжьмкIэ икIи цIыхухэм зыхуэфащэ лэжьапIщIэ яIэныжьмкIэ, зэи хуэмыдэжу нобэ мыхьэнэшхуэ нIэщ властым, профсоюзхэм, лэжьапIэ зытхэм, лэжьакIуэ гупхэм, республикэм ис псомэ я зэфIэкIхэр зэщIэгъэуIуэным.

Социальнэ зэдэлэжьэныгъэм и IэнатIэ псоми парламент Iэмалхэр кьыщагъэсэбэпурэ, экономикэм и зыужьныгъэм и идкыгрей лъэхъэнэм профсоюзхэр лэжьакIуэ цIыхум кьыщухэщэж, абы кьыщыныгъэ нэхъ гугъуехь ешхэр дагъэкIыныжьмкIэ хэкIыпIэхэр кьыхьлъхэ. Социальнэ зэдэлэжьэныгъэр тэмэму зэтегъэувэныр республикэм зэпIэзэрыгъэ зиужьныжьмкIэ, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэныжьмкIэ лъабжьэ быдэщ.

КЪР-м и Президент Къаночкуэ Арсен республикэм и Парламентым Зэрызыхухигъэзам IупщIу щыгъэбезджылащ дыззэрыт илъэсым нэхъ зэгугъун хуейхэр, властымрэ управленэмрэ, жылагъуэ зэгугъныбзэхэм кьыгIотэщыт кьалэнхэр гъэззэщIэныжьмкIэ кьаБгъэдэхуэу кьалэнхэмкэрэ Iуэхуэхэмрэ.

Лъэпкъ куэд щыпсэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм яхуэфэщэн акъылрэ зэхэщIыкIрэ ябгъэдэльщ икIи абы Iэмал кьытын хуейщ социально-экономикэ зыужьныгъэр щIэгъэхуэфбжьэныжьмкIэ, терроризмымрэ экстремизмымрэ я щынагъуэм дыпщIэтыныжьмкIэ.

Щыхухэр зэкъуэгурыкIым, атIэ ахэр зэкъуэгъэувэныгъэр сыт хуэдэ гугъуехьри кьыззэнэкIыныжьмкIэ хэкIыпIэр. Щынальэмэ зэрыщыту кьэралми я экономикэм зегъэужьныгъэр ди унагъуэхэм ефIэкIуэныгъэ яIэныжьмкIэ, пенсионерхэм псэукIэ тэмэм кьахуэзгъэзэпещIыжьмкIэ, щIэблэщIэр насыпыфIэу щытыныжьмкIэ щэсцIэпIэ.

Профсоюз зэщIэхьееныгъэм и хабзэхэр дагъэпытэу, гуащIэдэкIым хуэфащэ пщIэ игъэуатыным щIэбэнэгъэ, республикэм и гуащIэрыпсэухэм дызыхухэкIуэ махуэшхуэм кьагъэльгъуэн хуейщ. Щынальэмэ зэрыщыту кьэралми я экономикэм зегъэужьныгъэр ди унагъуэхэм ефIэкIуэныгъэ яIэныжьмкIэ, пенсионерхэм псэукIэ тэмэм кьахуэзгъэзэпещIыжьмкIэ, щIэблэщIэр насыпыфIэу щытыныжьмкIэ щэсцIэпIэ.

Ди гуапэу дынывохьэхьу Гъатхэмрэ Лэжьыгъэмрэ я махуэшхуэмкIэ!

Фэри фи унагъуэхэми мамырыгъэр зэкъуэтныныгъэр иIыну, фIыр фи плъапIэу щытыну, уэзыншагъэр ефIэкIуэныгъэрэ фиIэну ди гуапэщ. ГуфIэгъуэ махуэм екIуэкIыну дауэдапщэхэм хэтыну кьыдогъблагъэ лэжьакIуэ гупхэр, жылагъуэ зэгугъныбзэхэм и тхьамадэ **Шыхьэубахьуэ Мухьэмэд** сымэ, нэгъуэщIхэри.

БАЦIЭ ФатIимэ.

КЪР-м и Правительствэм и цIыкIэ КЪР-м и Правительствэм и Унафэщ
ГЕРТЕР Иван

Профсоюзхэм я федерацэм и цIыкIэ КЪР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и унафэщ
АХЬЕЙ Фаинэ

Шэрджэс Конгрессым диIыгъыркъым

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и президентым дяпэкIэ «Iэтащхьэ»-кIэ зэреджэнымкIэ Адыгейм и Шэрджэс Конгрессыр арэзыкьым. Абы кьыззэриIыгъэмкIэ, ар жылагъуэ щытыкIэм, лъэпкъэм я зэхущытыкIэм зэран хуэхьунущ.***

УРЫСЕЙ Федерацэм и субъектхэм я унафэщIхэм зэреджэ «президент»-р дяпэкIэ IэтащхьэкIэ зэхъуэжьыным теухуауэ Шэшэным и унафэщI Кадыров Рэмзан кьыхьилъхьа жэрдэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ щыпсэу щыдаIыгъащ. Адыгейм и парламентым мэлыжьыхьым и 20-м кьыщта законым ипкъ иткIыжащ, республикэ президентым дяпэкIэ зэреджэнур «Iэтащхьэ»-щ. Абыкъ Шэрджэс Конгрессыр арэзыкьым.

Зэгъуэгу еджэмэ нэхъ кьащтэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Ислъам диныр зезыхьэ республикэм щыпсэу куэдым школхэм хъыджэбз цIыкIухэмрэ щIалэ цIыкIуэхэмрэ еджныр кьыхалъхьну зыкъом щIэуэ яужь итщ. Абы и телъхьэт къулыкъущIэхэм, кьызэрыгуэкI цIыхухэмэ я зэхуэдитIыр. Ауэ ар зэпахтрэкIэ укIуэ хьунущ.***

КЪЭРЭШЕЙ-Шэрджэсыр светскэ республикэу зэрыщытыр икIи апхуэдэуи кьыззэрыгъэжьыр иджыблагъэ Черкесск кьалэм дэт курыт еджапIэ №16-м щагъэкIуэкIа референдумым. ЕджакIуэхэмкIэ процент 90-м щхьэхуэу еджэныр кьащтэркъым.

Референдумым щызэхагъэкIащ Iэнатlэм игъуэтыну зэхъуэжьныныгъэхэри. Наркотикым теухуауэ еджакIуэ цIыкIухэм Iэмал имыIэу драгъэкIуэкIыну кьэпщытэныгъэм абы хэтахэм я процент 80-р и телъхьэщ.

Тыншу зэкIэлъыкIуэн папщIэ

АБХЪАЗ. ***Урысейм Абхъазымрэ визэ щытыкIэр Iуахьжащ. Иджы а къэралыгъуэхэм зым уикIыу адрейм щIыпIэ паспортэмкIэ укIуэ хъунущ.***

УРЫСЕЙМ къэрал щIыб IуэхуэхмкIэ и министр Лавров Сергей Абхъазым щыIащ икIи визэнущ зэкIэлъыкIуэным теухуауэ республикитIым я правительствэхэм 2009 гъэм жэпуэгъуэм и 2-м зэращIыIа ЗэгурыIуэныгъэм иджы кьару игъэтащ. ЦIыхухэм кьагъэсэбэп хьунущ щIыпIэ дэфтэрхэр, балигъ мыхьуахэр кьызэралъуам я щыхьэт тхьилъхэри хэту.

**УЭРДОК

● Щэблэ

Зэныбжьэгъугъэм и гъатхэ-2011

Арат зэрелжьэр Анзорей къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэм щекlуэкlа зэхуэсым, Лэскэн, Щэрэдж куейхэм, Прохладнэ кьалэм щыщ щlалэгъуалэ жыджэрхэр зыхэтам. Ар кьыз-эригъэпэщат КЪР-м Щlалэгъуалэм я Iуэхуэсмрэ жы-гагъуэ зэгухьэныгъэхэм дзэлэжьэныжькlа и министерствэм, ЮНИСЕФ-м и къудамэу Кавказ Iщхьэрэм щыI Сабий фондымрэ «Щlалэгъуалэм я жэрдэм» республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ щыгъуу.

ПШЫХЬЫР езыгъэжьлуэкlа Къагъырмэс Рахьимэ (Лэскэн район), Кадыров Чэрим (Щэрэдж район), Небескэ Элинэ (Прохладнэ кьалэ) сымэ бзишыжмкlи зэхуэсым кьрихьэлlаxэм фlэхьус гуапэ ираха нэужь, кьыхагъэщат республикэм и щыпlэ зэмылlэужьыгъуэхэм щыщ щlалэгъуалэр Зэныбжьэгъугъэм и гъатхэм зэрыз3хуишэсар Iуэху щхьэпэу зэрыщытыр.

Зэхьихьэм ирагъэблэгъащ КъБР-м щlалэгъуалэм я Iуэхуэхмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныжькlэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащlэ **Пащты Борис**, Парламентым Щlалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, щlыхь зэхыбаркlэ щlа Iэнатlэхэм я Iуэхуэмрэ и комитетым и унафэщl **Хъэщхъуэжь Татьянэ**, Лэскэн муниципальнэ районим и администрацэм и Iэтащхьэ **Мэкьуауэ Арсен** сымэ.

- Кьыхэхьхьэм щlалэгъуалэм гъэсэныгъэ, хьэл-щэн дахэ яхэтлъхьэныр ди кьалэн нэхьыщхьэхэм ящыщ, - жlаща Мэкьуауэ Арсен. - Ди щlалэгъуэм дызыкъуэдмрэ Iуэхуфlэхэм я мыхьэнэр зыхэтщlэу икlи куэдрэ тщымыгъупщэу дыкьэзгъэуэгурыкlуащ. Нобэрей щlалэгъуалэри хэкупсэу, фяжу дэ лъэ зэныбжьэгъугъэр нэхьри бгъэбыдэу фыкьэхьуну ди гуапэщ. Лъэпкъхэр дыз3кьуэтмэ, дыз3рыгъмэ, дыльэщынущ.

- Кьыхэтлъхьа Iуэхур гъэ3зщlэныр кьыз3рыддалыгъам папщlэ Лэскэн, Щэрэдж районхэм, Прохладнэ кьалэм я унафэщlхэм фbщlэ яхуэзощ. Апхуэдэу зэхуэсым хэт щlалэгъуалэм я адэ-анэхэми сохьуэхьу нобэ лъэпкъ хабзэ нэхьыфlхэм ятетыну, зыихьмэну, адэжlи ахэр езыгъэфlэжlкlуну, хьэзыр ныбжьыщlэ жыдэхэр зэрагъэсам кьыхэжlыну, - жlащ псалъэр зыльагъэса Пащтым. - Кавказым зауэ-банэ щекlуэкlыу, укlуэну шынагъ уэу, абы мыхьумыщlагъэр щызекlуэу жызыlэхэм республикэм кьыщызэдгъэпэщ «Зэныбжьэгъугъэм и гъатхэ-2011» зэхьихьэ щхьэпэхэм хуэдэ хэмкlэ жэуап ядотыж икlи абы кьыщыгlэт Iуэхуфlэкмкlэ догъэзыгъуэ ди щlыпlэр зэрагъгъэм хуэдэу ЮНИСЕФ-м щlыпlэ зэрыщымытыр. Зэхьихьэр кьызэрэпэщыным ехьэлlауэ кьыхэтлъхьа жэрдэмкlэ кьыддэзыгъэхэмрэ зэхуэсым хэтэмрэ фlыщlэ яхуэзощ.

Пащты Борис и псалъэхэм кьыхигъэщащ Кавказыр дэнэ щыпlи кьыщыщlыхуэрэ фbыльагъуныгъэ кьыхуэлэ хьумэ, ди щыналъэми ар щэ бжьыгъэкlэ бзэгъуэуэ яритыжьыну зэрыхьэзырыр, зыщыщ лъэпкъым емылъытауэ, республикэм, кьэралым и щlалэгъуалэр зэкьуэту, зэгурыlуэу, зэрыщгъыу ильагъуну зэрригуапэр. Апхуэдэу жlащ щlэблэм я нобэрей зэфlэкlым зэрыригушхуэр, дяпэкlи нэхъ кьалэныщхьэхэр кьаззэрыщыщытыжьыну, - кьиргъэльэгъуащ абы.

Ижь-ижьыж льандэрэ ди республикэм дин зэмылlэужьыгъэ зкъм ит лъэпкъ 63 щыпсэу. Абы емылытауэ, дзэкlэнэмэ яlэ хуитныныгъэхэр зэхуэдэщ. Лъэпкъхэм щхьэхуэныгъэу яхэлъым нэхьрэ, ахэр зэкьуэзыгъэзыгъэ нэхьыбэщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщlэ, якlу дэлъ зэгурыlуэр, мамырыгъэр, зэдэлажьэныгъэр, нэгъуэщlхэр, - кьигъэлъэгъуащ КъБР-м и Парламентым и лlыкlэ Хьэщхъ уэжь Татьянэ. - Щlалэгъуалэм я кьулеиныгъэр яхъ умэну, лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр нэхьри ягъэбыдэну дащыгугъынщ.

Лэскэн, Щэрэдж куейхэм щыщ, лъэпкъ фащэхэр кьызыщlис нэхьыжьхьэу **Шагъыр Мулидр Ульбашев Азнорр** кьызэхуэсса щlалэгъуалэм жрlалэ мыпхуэдэ гупсысэщ щlэныр:

- Мы зэхьихьэ щхьэпэм хуэдэхэр зэман жьыжьэм кьыщежьауэ кьыддогъуэгурыкlуэ. Иджы абы щlалэгъуалэм зэрыпыфщэну зэфlэкlэрэ щlыхугъэрэ, ар зэрыгъэзыкlуэтэну хабзэ вдэтлъэгъуну дыфщогугъ, - жlаащ абыхэм. - Лъэпкъ зэныбжьэхьэгъуэр нэхьри быдэ ирехьу, псори дызэкlэу зту дызэдэпсэуну ди кьалэнщ. Мыпхуэдэ зэхьихьэ щхьэпэхэм дяпэкlи фых зтыну, узынщагъэ, е хьулlэныгъэ фbщыжьы-щlэну дынывохьуэхъу.

Пшыхьыр ягъэдаехэу хэтащ Лэскэн, Щэрэдж районхэм, Прохладнэ кьалэм щыщ уэрэджьыжьхэр Борэн Заур, Хьэщlэлl Заринэ, Мечиев Сафар, Жбоев Заур, Хьэщlэ Ульбашев Азнор сымэ. «Анзорей» кьэфакlуэ гупым, «Кьуанч», «Новое дыхание» ансамблхэм, Щэрэдж муниципалитетэ районхэм, Прохладнэ кьалэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэм.

Шэч хэлъкьым мы зэхуэсым и мыхьэнэр щlалэгъуалэм зэрызыхащlам икlи куэдрэ ягу кьызэрагъэкlыжьмкlи. Зэхьихьэ гуапэм кьыкlэлъыкlуэ махуэм Налшык кьалэм и «Кьэужей хадзэ» щыпащ.

Зэlущlэм хэтащ ЮНИСЕФ-м и къудамэу Кавказ Iщхьэрэм щыIэ Сабий фондым I зэхуэсыр зезыгъакlуэ **Шишханов Мурат**, гъунэгъу республикэхэм я лыкlуэхэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Мазитl лжьыгъэ

Жылагъуэхэр ягъэкъабзэ

Бахъсэн куей администрацэм хъыбар къызэрыдигъэщlамкlэ, а районри жыджэру хэтщ жылагъуэхэм зэщlэгъэкъабзэныр щыхьантlагъэхэр хъэныжьыкlэ зэрыкlуэ республикэм щекlуэкlмазитl лжьыгъэм. Куейм хиубыдэ къуажэхэм хабзэм кьемызэгъыу къыщызэрагъэпэща пхъэнкlий иджыпlэхэр щагъэсей. Апхуэдэу зыхуей хуагъэзэнущ цыхьэ Iуфэхэр.

КъАБЗАГЪЭМ ехьэлlа мазитl лжьыгъэм жыджэру хэтыну пщэрыльэ щащlащ куейм щыIэ Iуэхущlапlэхэм, щыхуэбэ зэгухьэныгъэхэм, еджапlэхэм. Мыбыхэм ягъэкъабзэнущ гъэгу Iуфэхэр, уэрамхэр, зыгъэпсэхупlэхэр, лъэс гъуэгуэхэр. Лжьыгъэщхуэ щрагъэкlуэкlыщу еджапlэхэм, сабий гъэсапlэхэм, медицинэ Iнатlэхэм, Щэнхабзэмкlэ унэхэм я дыхьэпlэхэмрэ щlапlтlэхэмрэ. Псом хуэмыдэу гупытэ зыхуащlынухэм ящыщщ фэепльхэр, кхъэхэр. Зыщlатlэм хьыжжанlэ жылагъуэхэм Iуэхущlапlэхэмрэ ахъшэ саугъэтэхэр иратынущ.

ЛЬОСТЭН Муэ.
Бахъсэн куей.

* * *

Щэджэм куейми щоужьрэкlэ щlыпlэхэр зэщlэгъэкъабзэныжьмрэ щхьантlагъэхэр хэсэнымрэ. Еджапlэхэм, Iуэхущlапlэ щхьхэуэхэм пэмыщlэ, мы Iуэхум жыджэру хэтщ район, жылагъуэ адмиистрацэхэм я лжьыгъуэхэр.

АПХУЭДЭУ, «Кавказ» гъэгуэм щыщу зы километр мы махуэхэм щхьэлыкъуэдгъэм зыхуей хуагъэзащ. Iуфэхэм Iут жыгъэр яуэхуэнщIри сэху трак1ащ, хэгъуэкIахэр пахащ. Къэралпсо мыхьэнэ зиI эмы гъуэгум и Iуфэхэм пхъэнкIий куэд щIэзгъехьэ, блэж автомашинэхэм исхэм къабзагъэр кьаззрыфlэмыIуэхум и зэранкIэ. КIэрыхубжьэрыхуэхэр зэщlакъуэри ягъэсыжащ, мафlэ зыщlэбдзэ мыхьу цеплофан, пластик пкъыгъуэхэр жыжьэу Iуащащ.

Мазитl лжьыгъэр кьызэрыхьэлlэну техникэхэр мы куейм и жылагъуэ псоми яIэщ. Щэджэм хиубыдэ ядеразбзыгъэ гъуэгу Iыхьэм и гъэкъэбзэныр зэфlэкlмэ, кьуажэкlуэцlэ лжьыгъэхэм я ужь ихьэнущ. Уэрамыбгъуэхэм я мызакъуэу, ягъэдэхэнущ автобус кьэувыIэпlэхэр, сату щlыпlэхэм, школхэм, амбуляторхэм, Щэнхабзэмкlэ унэхэм я Iэгъуэблагъэхэр. Щэджэм районым и щlыпlэ щхьэхуэхэм щыхасэнущ жыгъэмрэ щхъуантlагъэхэмрэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.
Щэджэм куей.

● Лъэпкъ Iуэху

Цыхьбзхэм я къалэн пажэр

КъБР-м Щlалэгъуалэм я Iуэхуэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныжькlэ и министерствэм и къудамэ и унафэщlэ Iэнатlэкъэ, жылагъуэ Iуэхущlапlэхэм я дыкlуэ цыхьбзхэр, нэгъуэщl кьэралхэм кьыIэпхьыжьу республикэр псэупlэ зыхуэхьужа ди лъэпкъэгъу бзылъхугъэхэр.

- ЛЪЭПКЪЫМ и кьулеягъэ псоми, ар мыльку ирехьу, щэнхабзэ, щlэныгъэ хьугъэ фbыгъуэуи щрети, цыхьбзхэм хэпльхьэныгъэшхуэ зэрыхуащlым пщlы хэпльхьым. Цыхьбзм зиуэщlыным бзыльхугъэм и Iуэку мымащlэу зэрыхьэпльри нэрылъагъуэ, - жlаащ зэIущlэ кьыщыIэзуихьым КъБР-м Щlалэгъуалэм я Iуэхуэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныжькlэ и министерствэм нэгъуэщl кьэралхэм щыгъуэ щlалэгъуалэм я Iуэхуэмрэ ягъэзащlэ **Нанэ Лерэ** - Цыхьбзхэм псори яхуэзфIокI, кьаныр цыхьхъум и Iыхьэщ- жиIэгъащ цыху Iуф гуэрым. Ар икIи пэжщ. Бзылъхугъэм нобэ гъащlэм и сыт хуэдэ Iэнатlи ехьулlэныгъэхэр щызыIэрегъажьэ. Адэ-анэм яку дэпь зэгурыIуэм, зэхущытыкlэм сабийр зэрипсыхьыр кьэпльитэмэ, гурыIуэгъуэщ унагъуэм, цыхьбзым и дежи гъэсэныгъэр кьызэрыщlежьэр. Абы кьыхэкIыу си гуапэщ дызэдэгъэжьну, ди гупсысэхэмкlэ дызэкъуэжьну, адэ-анэхэмрэ цыхьбэмрэ дызэкъуэтэмщ сабийр гъэсэныным абы зегъэужьыныным ехьэлlа сыт хуэдэ Iуэхуми дыщыпэлъэщынр.

Ди гъащlэр нэхъ дахэ, куп-щlафlэ зэрыгущlыфынм, ди республикэми дыщыпсэу кьэралми щекlуэкlI Iуэхугъуэхэм щыхуэбзыжьа, гъэса хэкумрэ лъэпкъымрэ яIэным лъабжьэ хуэхьу Iуэхугъуэхэм.

- Сабийр зэрыгъэсэн хуей щыкlым гъуэуа Iуэхуэхэр нэхьыбжьышхуэ зиIэу кьалтыгъэм ящыщщ. Щlэблэхэм зэIэпахьыу, ирагъэфlакlуэу кьиузэрекIуэкIам и фbщlэкlэ, лъэпкъ кьэс щапхьэ, мардэр гуэр яIэ хъуащ. Дэри диIэщ а мардэр, адыгэ хабзэм игъэблагъэлlауэ. Япэм гъэсэныгъэр унагъуэм кьрикIуам ириэдауэу?! Гущыкlыгъуэщ ар зэхэпхьну. Ауэ езы цыхьхэракъым абыкlэ кьуанщэр: лъэпкъым и тхьдэмэ, и литературэмэ, и хабзэмэ щlэблэр хуегъаджэныр кьэрал Iуэхущ. Абы дыхуэмыкIуауэ лъэпкъ зэкъщыкlыр кьыгъэIэтыныкъым, нэгъуэщlхэм я бзэмрэ я хабзэмрэ драгъэжьнутынущ. Абы и щыхьэтщ 2005 гъэдэгъэ ди республикэр зыхэт гуэввэгъуэр. Пщlыхьэпlэу тлъагъуну ди гугъакъым зы лъэпкъым щыщ щlалэхэм Iэщэ кьызыхурахьыныр. Адэкlэ сыт кьыгтпэщыгъыр? Телевидениэмрэ Интернетымрэ дапэлъэщыну? Сэ и гугъу щlыхьэхэркъым наркотикым, фадэм, тутыным, нэгъуэщl мыхьумыщlагъэхэмрэ икlа-гъэхэмрэ. Абыхэм псори тетлъхьэу дэ зыщгъэзэ хуэнумэ, мыпхуэдэ зэIущlэхэр едмыгъэкIуэжьмки хьунущ, ауэ иджыри зэ кьыхызогъэщри, педагог цIэрыIуэ куэдым тегъэщlапlэ ящlыр лъэпкъым кьыдеIэкIуэкI хабзэм щlэблэр щlэпIыкlын зэрыхуейрщ. «Ди лъэпкъ» щlыжьтlэр нэгъуэщlхэм нэхъри зэрыдынэхьыфlу аракъым, атlэ убзыхуауэ щыIэ хабзэм нэмыплъ щыхуэпщlкlэ, нэгъуэщlым и хабзэри кьызэрыгъэхуэмыщтэрщ. Этнопедагогикэмкlэ дуней псом япэ дыдэу тхыльъ кьыщыдэзыгъэкlа Волков Геннадий мыпхуэдэу етх: «Анэдэтхьубзэр - сабий кьыдэкIуэтэфм цIыку кьищыкlынным и лъабжьэ быдэщ. Зи сабийм и лъэпкъыбзэмкlэ емыпсалъэ анэр и быным пэкlэ пэIэщlэ мэхъу, апхуэдэ щlыхур зы лъэпкъми щымыщ хуэдэуи дунейм кьытонэ. И лъэпкъым еIуэпсэкlэ зыхищlэн хуеям и пlэм зыри иригъэувэрыкlым. ЦIыху пхуэгъэсэнукъым лъэпкъым и псэкlэ кьигъащlа беягъым щIомыпlыкlыу». Педагог цIэрыIуэ Сохомлинский кьыдзэрипытэмкlэ, хэкум, щIыхуэм, тхьлъым, анэдэлъхьбзэм пщlэ егъэлеяуэ щыхуащl еджапlэрщ сабий гъэсэныкlэ ехьулlэныгъэ нэрылъагъум хуэкIуэфыр.

Сыт хуэдэ Iуэхуми щхьэусыгъуэ, лъабжьэ иIэщ. Удыжьым и лъабжьэр хуэхьах, абы кьыдэжьыр кьыгъэгъэзжурэ ямыпщlэн щхьэкlэ. Ар дыдэр жыпlэ хъунущ цIыхуми теухуауэ. Дэ зы ильэсым адрейр кьыпыувэу дропсалъэ щIэблэ тэмэм гъэсэныр хьэлъэ зэрихьум. Добэн наркотик зыщэхэм, ауэ аэрби наркотик зэзыхьхьэлIэри нэхъ машIэ хъуркъым. ЖыдоIэ хабзэр, бзэр, тхыдэр, Iуэрыlуатэр щlэблэм зэримыщlэр, ауэ а Iуэхум зедгъэгъэзэфыркъым. Абы щыгъуэми дыхуейщ щlэблэ узынщэ, гъэса. Сыт хэкIыпIэр? Девгъэгупсыс.

Ширдийм и псалъэм арэзы техуэуэ зэIущlэм хэтхэм и гупсысэкlэ яIэгуэшащ ильэситу и пэкlэ Сирием кьыIэпхъуныжьа **Мэршэн (Бажэ) Лейлэ**. Ар тепсэлъыхьащ адыгэжр ижь-ижьыж льандэрэ зыхэта бзылъхъэм, хъулъхугъэжр Iуэку зэхуэмыдэхэм пылъыху, жьэгу мафlэр хъумэнри щlэблэр гъэсэнри бзылъхугъэхэм я пщэм дэлъу зэрыщытам. Абы щыгъуэ хабзэр нэхъыфlу яхъумэрт, гъэсэныгъи нэхъ щыIэт.

Абы теухуауэ иIэ Iуэху епльыкlэр, бгъэдыхьэкlэр кьытъэнэIуащ Налшык и адвокат коллегием хэт **Кьыш Мадинэ**. Абы кьыхигъэщащ нобэрей зэманымрэ адыгэ хабзэм и щытыкlэ щхьэхуэхэмрэ зэрызэкъуэмыкIуэжьыр, абы кьыхэкIыуи зэрафlэмыгъэщlэгъэныр. Абы и жуэпу зэIущlэм хэтахэм жлащ лъэпкъым кьыдекIуэкI хабзэм фIыуэ хащыкlын хуейуэ зэрыарар, армыхьумэ лlэщlыгъуэ блэкIаахэм ягъэзэжьну зымыкlэ Налшык и адвокат коллегием хэт **Кьыш Мадинэ**. Ди кьэкIуэнур зэлъыта щlэблэ гъэса кьыщlэхъуэным кьэралым гулъытэ хуещI. Псалъэм папщlэ, щlалэгъуалэм и илъэсу кьаГъэльэгъуэ 2009 гъэм абы ехьэлlа Iуэху щхьэхуэгъэ зэрыщlэжьыр. Абы и жуэпу зэIущlэм хэтахэм жлащ лъэпкъым кьыдекIуэкI хабзэм фIыуэ хащыкlын хуейуэ зэрыарар, армыхьумэ лlэщlыгъуэ блэкIаахэм ягъэзэжьну зымыкlэ кьызэрыхурмыджэр. Ди кьэкIуэнур зэлъыта щlэблэ гъэса кьыщlэхъуэным кьэралым гулъытэ хуещI. Псалъэм папщlэ, щlалэгъуалэм и илъэсу кьаГъэльэгъуэ 2009 гъэм абы ехьэлlа Iуэху щхьэхуэгъэ зэрыщlэжьыр. Абы и жуэпу зэIущlэм хэтахэм жлащ лъэпкъым кьыдекIуэкI хабзэм фIыуэ хащыкlын хуейуэ зэрыарар, армыхьумэ лlэщlыгъуэ блэкIаахэм ягъэзэжьну зымыкlэ кьызэрыхурмыджэ

Адыгэхэр я гъэхъэхутыныгъэм зэрыцIэзэгар

КЪУМЫКЪУ Мамдухь

147

Адыгэхэр.
Сурэтыр **Роммель Христофор** *ищIащ. 1847 гъэ*

(КIэтыжыкIуэр. ПэщIэдзэр №70 -72-хэм итщ).

Зыщ1эсу щыта щэтырхэр дыщафэу зэрыщытам кьыхэкIыу гущыIэхьэхэр зыубыда тэтэрэхэм дзыгъ-лакъуэ цIэр ятелукIащ. Мыбыхэм щIынапIэр яхьнщIэн мурад яIэтэкъым, атIэ щIыр яубыду абдеж щыпсэуну аратт. Апхуэдэ щыкIэкIэ абыхэм Волгоград Астраханэрэ я зэхуакум дежи щаухуэ Сэрэй кьаIэр нкIи ар Дыщафэ дзэм и къэралгъуэм и къалащхьэ мэхъу. 1245 - 1246 гьэхэм Рим Папэм и лIыкIуэу Монгол империер кьыпсэ хэзыкIухьу Индыл зэпрыкIауэ щытам етIхьык: «Бату нухуа империер и щIблэм зэрахьэну ар и адэшхуэ Чингиз-Хьан и уэсятри, тэтэрэхэр мы щIыпIэм дежи зэрыщIтIысыкIар и щыхьэтщ езыхэр зыхуэйм хуэдэу Iуэ хэр кьаIэрыдэхьуам. Ипщэкъэ мы къэралыгъуэм и гъунапкIэр Хьэрэкьас бгы екIуэкIэрат, сыту жыпIэмэ а гъунапкIэм щыIа къэралыгъуэ нэхьыщхьэр, курыкъуэм я хэщIапIэр, нэгъэущ монголхэм я унафэм щIагъэуват». (**Шоблэр Бертрольд. «Мусылымэнхэр монголхэм я лъэхъэнэм». ХьэрыпыбзкIэ зэзыдзэкIар Хьисэ Хьаиид Iэсхьэдщ. Хьэссан тхыль тедзапIэ. Дамаск. 1982 гъэ. нап. 35 - 40)** .

«Дыщэ къэралгъуэм» и ипщэ гъунапкIэр Кьэфкъас бгы екIуэкIым еуалIэу щытауэ мыбдежым кьыхэзыгащэлъагъэр, тыркуэзэмэн империем Кьэфкъас Ищхьэрэр хиубыдэу зэрыжаIэу щытам хуэдэщ. Абы и пэ жыпIэм нэхъ иужькIэ дытепсэлъыхьащ.

ЧИНГИЗ-ХЬАН и щIэблэм ирагъэжьIа зауэ псоми и щхьэфэ дпIэбэн Iуэху зетхэрыкъым, ауэ XIII лIэщIыгъуэм Адыгэ гъэхэмрэ ди лъэпкъымрэ зэрыхуа щытыкIэр нэсу кьэгъэлъагъуэа хьун щхьэкIэ, мусылымэн хьэрып империер, аббасидхэм лIэщIыгъуэ бжыгъэкIэ я къалащхьэу щыта Багдад, Чингиз-Хьан и къэрыпхъу Хулагу кьиэзрищтам и гугъу дымышу хьуну кьышщIыныкъым.

А зэманым дуней псом нэхъ кьаIэм дыдэхэм ящыщу щыта Багдад дэкIыпIи дыхьэпIи кьимыгъанэу кьиувыхьын папщIэ Хулагу тэтэр зауэлIу мин 200 кьриш1элIауэ щытащ. Абыхэм яхэтт кьалэхэр кьуэвыхьыным, быдапIэ хэр зэтекIуэтэным хуэIэрыхуэу Китайм щыщ зауэлI гуп. Апхуэдизкъарур абы кьышIрищэлIар, мо кьалэшхуэм дзэшхуэ гъэпщкIуэу дзэу кьыфIэщIати, арат. Абы ящыгнэмыщIауи, кьыфIэщIырт апхуэдизу мусылымэнхэмрэ хьэрыпхэмрэ я Iэтащхьэ хьалифым пхъэрхэр куэду кьыхуэкIуэну. Ауэ хьалифым кьыхэригъэпсэда дзэр, тыркуэзэр куэду зыхэтар, зауэ Iэмалхэм зэрыкуэмыгъэсам кьыхэкIыу, псынщIэ дыдэу кьыхагъэщIауэ, псынщIэу кьикIуэтыжу щIадзэри, кьалэм кьыдэтхэдэжахэщ, я дзэзешэри яхэтэу. Арати, 1258 гъэм щIышIэм и 30-м мыжыхьэ кьиэ зыдз топхэмкIэ хуэдэкIэ тэтэрэхэр кьалэм кьеуэу щIадзащ нкIи 1258 гъэм мазаем и 5-м зауэлI гуп зэщIыгъуу Багдад и быдапIэ блыным кьыдэкIуенфащ. ЕтIуанэ махуэм быдапIэ блынщ кьэзыщтэфахэр куэдкIэ нэхъыбэ хьуат нкIи кьалэм дэсхэм унафэ кьэхуащIыфын хуэдэу увыпIэ яубыдат.

Мусылымэн тхыдэтххэм кьагъэна тегъэщIапIэхэм кьыэзрыхэщIыкмкIэ, хьалифыр зыщыгуГа и уэзнырыр (министр нэхъыщхьэр) кьепцIыжащ. ЗэрыжаIэмкIэ, зы илъэс и пэ хьалифым и кьуэр зи пашэ суннитхэм Багдад дэс шинтхэр зэтраукIат, я мылъкуэр зыIэщIалъхьат, я цIыхубзхэм лей прахат. Хьалифым и уэзирым зыкьыхимыгъэщми, шинт унэтIыныгъэм тетти, я пIыр ищIэжьи пашэ, Хулагу гурыIуауэ хьыбар щыIэт. ЗэрыжаIэмкIэ, ар зыхущIэкъуэр суннит хьалиф кьэралыгъуэр икъутэу, шинт паштыкьыгъуэ ящыгъуэ ар.

Сыт хуэдэу щытми, Хулагу Аббасид империем и ия хьыщхьэр кьигъэгугъат, зитмэ, псоуэ кьиигъэнэну, 1258 гъэм мазаем и 10-м хьалифыр кьалэм кьыдэкIри, бийхэм я Iэмыщ1э зрилъхьащ. АдэкIэ хьалифыр кьагъапцIэри, унафэ ирагъэщащ, Iэщ1э зы1ыгъ псоми ягъэтIылъу, кьалэм кьыдэкIыну. Апхуэдэу зэрращIу Хулагу и унафэкIэ кьалэм кьыдэкIаIэр зэтраукIащ. АдэкIэ, Хулагу и дзэ фыцIэ хэр Багдад дитIыпщхьэри, махуэ 40-кIэ абы хьащхьэрыIуэу дэсащ, зызыгъэпщкIуфауэ кьэнари, мыдрей дэсахэр зыри кьамыгъанэу зэтраукIащ. Мэжджытым и щхьэм тебза дыщэ хэр зыIэщIалъхьэн папщIэ, ахэр кьагъауэртри, ягъэсыкьырт. Апхуэдэуэри кьалэм унэуи мэжджытуи дэтахэр яхьунщIащ, кхъэ хэми нэсащ. Нужьым хьалифым и унэшхуэм кьищынэмыщIа, псори зэтрагъэсхьащ, 1258 гъэм мазаем и 15-м Хулагу Багдад дыхьащ, езым и дзэ тхьэмадэмрэ хьалифымрэ щыIгъуу. Хьалифым гъэпщкIуэу и пэ и дыщэ-налмэсхэр зыIэригъэхьа нужь, ари ирегъэкIащ, Iэщ1экIэ цIыхьпIэр, нэгъэущ монголхэм я унафэм щIагъэват». (**Шоблэр Бертрольд. «Мусылымэнхэр монголхэм я лъэхъэнэм». ХьэрыпыбзкIэ зэзыдзэкIар Хьисэ Хьаиид Iэсхьэдщ. Хьэссан тхыль тедзапIэ. Дамаск. 1982 гъэ. нап. 35 - 40)** .

«Дыщэ къэралгъуэм» и ипщэ гъунапкIэр Кьэфкъас бгы екIуэкIым еуалIэу щытауэ мыбдежым кьыхэзыгащэлъагъэр, тыркуэзэмэн империем Кьэфкъас Ищхьэрэр хиубыдэу зэрыжаIэу щытам гуГу дымышу хьуну кьышщIыныкъым.

А зэманым дуней псом нэхъ кьаIэм дыдэхэм ящыщу щыта Багдад дэкIыпIи дыхьэпIи кьимыгъанэу кьиувыхьын папщIэ Хулагу тэтэр зауэлIу мин 200 кьриш1элIауэ щытащ. Абыхэм яхэтт кьалэхэр кьуэвыхьыным, быдапIэ хэр зэтекIуэтэным хуэIэрыхуэу Китайм щыщ зауэлI гуп. Апхуэдизкъарур абы кьышIрищэлIар, мо кьалэшхуэм дзэшхуэ гъэпщкIуэу дзэу кьыфIэщIати, арат. Абы ящыгнэмыщIауи, кьыфIэщIырт апхуэдизу мусылымэнхэмрэ хьэрыпхэмрэ я Iэтащхьэ хьалифым пхъэрхэр куэду кьыхуэкIуэну. Ауэ хьалифым кьыхэригъэпсэда дзэр, тыркуэзэр куэду зыхэтар, зауэ Iэмалхэм зэрыкуэмыгъэсам кьыхэкIыу, псынщIэу кьикIуэтыжу щIадзэри, кьалэм кьыдэтхэдэжахэщ, я дзэзешэри яхэтэу. Арати, 1258 гъэм щIышIэм и 30-м мыжыхьэ кьиэ зыдз топхэмкIэ хуэдэкIэ тэтэрэхэр кьалэм кьеуэу щIадзащ нкIи 1258 гъэм мазаем и 5-м зауэлI гуп зэщIыгъуу Багдад и быдапIэ блыным кьыдэкIуенфащ. ЕтIуанэ махуэм быдапIэ блынщ кьэзыщтэфахэр куэдкIэ нэхъыбэ хьуат нкIи кьалэм дэсхэм унафэ кьэхуащIыфын хуэдэу увыпIэ яубыдат.

Мусылымэн тхыдэтххэм кьагъэна тегъэщIапIэхэм кьыэзрыхэщIыкмкIэ, хьалифыр зыщыгуГа и уэзнырыр (министр нэхъыщхьэр) кьепцIыжащ. ЗэрыжаIэмкIэ, зы илъэс и пэ хьалифым и кьуэр зи пашэ суннитхэм Багдад дэс шинтхэр зэтраукIат, я мылъкуэр зыIэщIалъхьат, я цIыхубзхэм лей прахат. Хьалифым и уэзирым зыкьыхимыгъэщми, шинт унэтIыныгъэм тетти, я пIыр ищIэжьи пашэ, Хулагу гурыIуауэ хьыбар щыIэт. ЗэрыжаIэмкIэ, ар зыхущIэкъуэр суннит хьалиф кьэралыгъуэр икъутэу, шинт паштыкьыгъуэ ящыгъуэ ар.

Сыт хуэдэу щытми, Хулагу Аббасид империем и ия хьыщхьэр кьигъэгугъат, зитмэ, псоуэ кьиигъэнэну, 1258 гъэм мазаем и 10-м хьалифыр кьалэм кьыдэкIри, бийхэм я Iэмыщ1э зрилъхьащ. АдэкIэ хьалифыр кьагъапцIэри, унафэ ирагъэщащ, Iэщ1э зы1ыгъ псоми ягъэтIылъу, кьалэм кьыдэкIыну. Апхуэдэу зэрращIу Хулагу и унафэкIэ кьалэм кьыдэкIаIэр зэтраукIащ. АдэкIэ, Хулагу и дзэ фыцIэ хэр Багдад дитIыпщхьэри, махуэ 40-кIэ абы хьащхьэрыIуэу дэсащ, зыз

Адыгэхэр я щхьэхуитыныгъэм зэрыщIэзэуар

147

КЪУМЫКЪУ Мамдухь

(КIэлъыкIуэр).

Ауэ девгъэгупсысыт ди лъэпкъым сыт хуэдэ уасэ абы щIыгъуа?... Илъэс щIэблым кърибудзэу гъэ къэс сабий миным щIигъур зэхэпхьхьэмэ, мин 700 мэхъу, езыхэр хуейуэ я къуэшхэм деж кIуахэр хэмыту. Апхуэдэуэрэ, адыгъэхэрэ хэкум, щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэ къэдкIэ ди лъэпкъым щыщIагъэ ин дыдэхэр ирагъэгъуэтащ. Зы мелуан мэхъу жьпIэмэ ущыуэну къыщIэкIынукъым. Апхуэдэ зэман кIыхьым кърибудзэу, а бжыгъэр статистикэ щIэныгъэхэм я хабзэм тету бгъэбагъуэмэ, ар мелуан дапщэ хъурэ тэтэр зауэхэм хэкIуда адыгэлIэхэр абы хэмыту?! Мис апхуэдэуэрэ адыгэ лъэпкъым и бжыгъэ фIыуэ хэщIат Урыс-КIэрэкъас зауэр къэунэхун и пэ...

Сабий дыгъуэзэм апхуэдизу адыгэхэм я гур ираудати, iлэщIыгъуэ блэкIам и пIыщIгъуэщ ГъэхэмI и нуэкIи Сирием щыIэ. Адыгэ къуажэхэм дэсхэм я бынхэм тегужьеикIаxэу яущийрт: «Фи закъуэ фыдэмыкII», "Фымыщыхуэм фыбгъэдэмыхьэ, фымыщIэхэу фадыгъэщIы!» - жаIэурэ.

Нобэрей ди адыгэ тхыдэтххэр щIагъуэу єлаIэр-къым Къуэкlыпlэ Гъунэгъум адыгэхэм щаухуаеу щыта пащтыхьыгъуэм. Аxэр хэкум пэлъщIэ щыхъэ, лъэпкъым пэжыжьэ хъуахэу, «адыгэ лъэпкъым» щыIэ къыхуамыщIауэ, абыхэм я тхыдэм ди Iуэху хэмыльхьу хуэдэу къыпфIэзыгъэщI псалъэмакъэхэр хэкуми хамэщIми щыIэхыбоx... Адыгэ щIыналъэм ирадыгъуэкIыу, я анэхэм я бгъафэм щIатхъыуэр пщылIу яща ди сабийхэм щхьэкIэ дэ апхуэдэ гупсысэхэр дыщIэкIэ, сыт хамэхэм жаIэнур?! Тырыкуэм ятхыжьаxэм мамлюк псори езыхэм я гъэрагъэ къыхоу. Уеблэмэ адыгэхэри тырку лъэпкъышхуэм и зы IыхьIуэ ятхыжащи, хъэрыпхэми нобэр кьыздэсым ар тегъэщIапIэ ящI. **(Адлмэмиик, нап. 63)**. Европей тхыдэтххэм зи гугъу тщIы адыгэ пащтыхьхэр щIаубыр, «жорэхьхэм» я пщыгъуэу КъуэкIыпIэ Гъунэгъум кьинауэ щыта псори зэрызэтракъутэжаращ. Ар тхыдэтххэм щхьэтелъфу ятхыжьми, 1798 гъэм Наполеон дэзышэу щыгъуэу Мысырым щихьам, «адыгэ лейзейхьэхэм кIэ яригъэзгъэтыну къэкIуауэ, езым мусЛымэн диныр кьищтауэ» жиIэу тхыгъэхэр игуэшауэ щытащ. **(Императорхэмрэ лIыхъжьхэмрэ Къэфкъасым и тхыдэм", нап. 330 - 331).**

Иужьрей зэманхэм хьэрыпхэм кьаухкIащ адыгэ пащтыхьхэм нэхъ пэжыгъэ хэлъу ятетхыхьхаxэр, ауэ абыхэм я тхыдэр апхуэдизу зжагъэззэрыхьащи, ар адыгэм фIэкIа нэгъуэщIым хуэзхэхьжьыкъым. Ауэ апхуэдэ къаIэм мы тхыгъэм игъэзэщIэн Iуэху эрихъэрыккъым.

Чингиз-Хъаирэ и къуэрылъхуэмрэ деж кьыщыщIэдзауэ тэтэрхэм ирагъэкIуэкIа хъунщIакIуэ зауэхэм уакIуэрIыплъыжмэ, аxэр псори зы геострателгие щытыкIэм тету зэрекIуэкIар наIуэщ. Абы хиубыдэрт Урысейри, ди лъаxэри, КъуэкIыпIэ Гъунэгъури. Аращи, КъуэкIыпIэ Гъунэгъум кьыщыхутауэ щыта адыгэ щIалэхэу, бжьыпIэр абы щыхуэбыдауэ щытахэм, дзэзешэ гъуэзэджэхэм, зауэлI хьыжьхэм щрагъэкIуэкIа зауэ гуащIэкэр лIэщIыгъуэ бжьыгъэкIэ екIуэкIа дунейпсо зэуэшхуэ гуэрым и зы IыхьI хуэдэт. А зауэшхуэ дыдэм хэтащ къарецIылIэ. А зауэм, адыгэкэри, КъэрэкIыр хъэрэм щыпсэу лъэпкъ псори... Уэсэмэн къэралыгъуэу нобэрей Тырку республикэм и щIыналъэм итар империе хъуэу щыщIидзар адыгэ пащтыхьыгъуэу КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыIар 1517 гъэм зэтракъутэу, тырку сулътIаным мусЛымэн псоми я хъалиф щIэр зыфIищыжа нэужьщ... АдэкIэ тырку-тэтэр лъэпкъэр зэкъуэтъэдзжхэу Уэсэмэн империем и дамэм щIэува нэужьщ, кьыщIэкIа къэхъукъащIэкэмрэ тхыдэм кьыщыщIуэтэжакэмрэ къаГъэтlагъуэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыIа адыгэ пащтыхьхэм яIа зэфIэкIкIэр зыхуэдизыр. Ар тырку хэм ямыкъутэфатэмэ, КъэфкIакъ Ищхъэрэм адыгэхэми я тхыдэр нэгъуэщIу къыщIидзыжьынут.

Урыс-тэтэр зэхущытыкIэхэр

«ДыщIэ лакъуэхэм» я къэралыгъуэр зэфIэувэн и пэ кьихуэу, урысхэр щыIэ-тIу къэду гуэщIахэу, мыпсму зэрыщихьжхэу псэуу щытащ. Европей тхыдэтххэм къызэрагъэлъэгъуэжьмкIэ, 1054 гъэм щыщIэдзауэ 1224 гъэм нэсыху аxэр езыр-езыру 83-рэ зэззэуэжаxэщ, 46-рэ нэгъуэщI лъэпкъхэр ятетауащ, урыс щыщIэзэуэ 16-рэ нэгъуэщI лъэпкъхэм ятеуащ. Тэтэрхэр я унафэм ящIыжу ауэ урыс пащтыхьхэм я Iуэхур нэхъыфI хъуакъым, уеблэмэ абыхэм я тепщэныгъэр зрягъэбыдэн папщIэ, аxэр нэхъыбэрэ зэпэщIагъуэвэр т. Апхуэдэуэрэ Iуэхур екIуэкIащ 1328 гъэ пщIондэ. Абы щIыгъуэ дыщэ лIакъуэхэм я хъаныншхуэм Озбек Мэзкуу и унафэр зыIэщIэлъа Иван Езанэр урысхэм я пщыншхуэу игъэувыху. Абы урысыпщ псоми къатын хуей налогхэр яхьыхнхьу тэтэр хъаныншхуэм иритыжыныр кьалэн щащIат. Тэтэр гуащэ щхьэгъуэзэ щIищIакIэ, абы апхуэдэ дзыхь хуэщIыпхъэу кьиIыбытат хъаныншхуэмI. Иван Езанэм урыс пщыгъуэхэр зэпубыдыIэри, лъэпкъым и Iуэхур зэрыдигъэкIыным и ужь ихьат. **("МусЛымэн щыналъэхэр монюдхэм я гъэ хъэнэм», нап. 100).**

Мыдрей лъэныкъуэмкIэ, Уэсэмэн къэралыгъуэу Азие ЦIыкIуэ щыIэзфIэувар кьыIэщIэрыIуэрт. Аxэр 1354 гъэм Дэрдэнел хы адрыщIым кьыщIихута нэужь, апъандэрэ "дыщэ лIакъуэхэм» я къэралыгъуэмрэ Мысырымрэ яку дэкIа сату гъэгурэ зэпыщIэныгъэри кьыIэпаудат. «Дыщэ лIакъуэхэм» я хъан Джанибек дзэшхуэ кьыззрегъэпэщри, 1357 гъэм Азербайджаным текIуэныгъэ кьыщIекIэ, Ираным иохьэри, Тебриз кьалэр кьещтэ. ЗыхущIэкъуэ Дэрдэнелым и пIэкIэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум зэрыкIуэн гъуэгу кьыIэIухыну аратри, арп кьохъуIэ, Иракымрэ Сириемри яIыбгъэ. Ауэ тало зэхъум щыщIэнэри, псынщIэу кьигъэззэжащ, нужькIэ ар Сарай кьалэм щыIэжащ. Абы и пIэ нуваш и кьуэ Берди-Бек, ар илъэситIкIэ хъану щытауэ яхьIащ. АдэкIэ тепщэныгъэр зубыдыным щхьэкIэ бэнэныгъэр зэщIопIтэ, ауэ зыми бжьыпIэр хуэмыбыдыр, кьэралыгъуэр тIасхъэ мэ хъу. А къэхъукъащIэхэм ирихьэлIэу, Мэзкуу пщыщIэхэм я закъуэкъым нэхъ пIэщI хъарп, атIэ питуанхэми зыкъаIэтри, 1362 гъэм тэтэрыдзэхэр кьыхагъащIэ, 1370 гъэм Киев яубыдащ. Апхуэдэуэ тэтэрхэм я Iуэхуэхэр зэзыхьэпэу щIидзауэ, хъаныншхуэ хъыжьым щIэбэнхэм ящIащ зы, ТохьутэмышщIэ зэджэр, и ныкъуэкъуэгъу псоми ятокIуэ. Иджы абы "дыщэ лIакъуэхэм» я кьэралыгъуэр щIэрыщIэу кьыззэфIегъэувэж. АдэкIэ дзэшхуэ зэрегъэпэщри, 1382 гъэм Мэзкуу кьеувыхь, урысхэр и жьыIэм кьыщIегъэувэжри, япэм кьату щыта аxышэхэр кьыIэрыхьэу Iуэхур зэтраублэжьыну яхуегъэув. **(Ар дыдэр, нап. 101 - 104).**

АрщхьэкIэ куэд дэмыкIыу «дыщэ лIакъуэхэм» я Iуэхур кьызэIэохьэж. КъуэкlыпlэмкIэ кьыщыуэ хуауэ щыта Темырлан кьагъэгубжь, ар 1388 гъэм зауэлI миниущ щIыгъуэу кьатоуэри, зауэ гуащIэ кьарецIылIэ. А зауэм гъэныкъуитIми щыщу цIыху миниущ хуэдизу хэкIуэдащ. Арати, ТохьутэмышщIр кьыхагъащIэри, абы и лъэпкъыр Темырлан и унафэм щIоувэ. Ижькрейм и гур зэрIауэу, и дзэхэм щыщ щIыпIэм къренэри, езым егъэзэж. Илъэс зыбжанэ дэкIауэ ТохьутэмышщIр итa псалъэм зэрепщIыжар кьыщищIэкIэ, 1396 гъэм Темырлан аргуэру кьеГъэззэкри, Къэфкъас Ищхъэрэм и кьуэкIыпIэ Гъунэгъум щыIар 1517 гъэм зэтракъутэу, тырку сулътIаным мусЛымэн псоми я хъалиф щIэр зыфIищыжа нэужьщ... АдэкIэ тырку-тэтэр лъэпкъэр зэкъуэтъэдзжхэу Уэсэмэн империем и дамэм щIэува нэужькъ, кьыщIэкIа кьэхъукъащIэкэмрэ тхыдэм кьыщыщIуэтэжакэмрэ кьаГъэтlагъуэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыIа адыгэ пащтыхьхэм яIа зэфIэкIкIэр зыхуэдизыр. Ар тырку хэм ямыкъутэфатэмэ, КъэфкIакъ Ищхъэрэм адыгэхэми я тхыдэр нэгъуэщIу кьыщIидзыжьынут.

Урыс-тэтэр зэхущытыкIэхэр

«ДыщIэ лакъуэхэм» я къэралыгъуэр зэфIэувэн и пэ кьихуэу, урысхэр щыIэ-тIу къэду гуэщIахэу, мыпсму зэрыщихьжхэу псэуу щытащ. Европей тхыдэтххэм къызэрагъэлъэгъуэжьмкIэ, 1054 гъэм щыщIэдзауэ 1224 гъэм нэсыху аxэр езыр-езыру 83-рэ зэззэуэжаxэщ, 46-рэ нэгъуэщI лъэпкъхэр ятетауащ, урыс щыщIэзэуэ 16-рэ нэгъуэщI лъэпкъхэм ятеуащ. Тэтэрхэр я унафэм ящIыжу ауэ урыс пащтыхьхэм я Iуэхур нэхъыфI хъуакъым, уеблэмэ абыхэм я тепщэныгъэр зрягъэбыдэн папщIэ, аxэр нэхъыбэрэ зэпэщIагъуэвэр т. Апхуэдэуэрэ Iуэхур екIуэкIащ 1328 гъэ пщIондэ. Абы щIыгъуэ дыщэ лIакъуэхэм я хъаныншхуэ Озбек Мэзкуу и унафэр зыIэщIэлъа Иван Езанэр урысхэм я пщыншхуэу игъэувыху. Абы урысыпщ псоми къатын хуей налогхэр яхьыхнхьу тэтэр хъаныншхуэм иритыжыныр кьалэн щащIат. Тэтэр гуащэ щхьэгъуэзэ щIищIакIэ, абы апхуэдэ дзыхь хуэщIыпхъэу кьиIыбытат хъаныншхуэмI. Иван Езанэм урыс пщыгъуэхэр зэпубыдыIэри, лъэпкъым и Iуэхур зэрыдигъэкIыным и ужь ихьат. **("МусЛымэн щыналъэхэр монюдхэм я гъэ хъэнэм», нап. 100).**

Мыдрей лъэныкъуэмкIэ, Уэсэмэн къэралыгъуэу Азие ЦIыкIуэ щыIэзфIэувар кьыIэщIэрыIуэрт. Аxэр 1354 гъэм Дэрдэнел хы адрыщIым кьыщIихута нэужь, апъандэрэ "дыщэ лIакъуэхэм» я къэралыгъуэмрэ Мысырымрэ яку дэкIа сату гъэгурэ зэпыщIэныгъэри кьыIэпаудат. «Дыщэ лIакъуэхэм» я хъан Джанибек дзэшхуэ кьыззрегъэпэщри, 1357 гъэм Азербайджаным текIуэныгъэ кьыщIекIэ, Ираным иохьэри, Тебриз кьалэр кьещтэ. ЗыхущIэкъуэ Дэрдэнелым и пIэкIэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум зэрыкIуэн гъуэгу кьыIэIухыну аратри, арп кьохъуIэ, Иракымрэ Сириемри яIыбгъэ. Ауэ тало зэхъум щыщIэнэри, псынщIэу кьигъэззэжащ, нужькIэ ар Сарай кьалэм щыIэжащ. Абы и пIэ нуваш и кьуэ Берди-Бек, ар илъэситIкIэ хъану щытауэ яхьIащ. АдэкIэ тепщэныгъэр зубыдыным щхьэкIэ бэнэныгъэр зэщIопIтэ, ауэ зыми бжьыпIэр хуэмыбыдыр, кьэралыгъуэр тIасхъэ мэ хъу. А къэхъукъащIэхэм ирихьэлIэу, Мэзкуу пщыщIэхэм я закъуэкъым нэхъ пIэщI хъарп, атIэ питуанхэми зыкъаIэтри, 1362 гъэм тэтэрыдзэхэр кьыхагъащIэ, 1370 гъэм Киев яубыдащ. Апхуэдэуэ тэтэрхэм я Iуэхуэхэр зэзыхьэпэу щIидзауэ, хъаныншхуэ хъыжьым щIэбэнхэм ящIащ зы, ТохьутэмышщIр зэджэр, и ныкъуэкъуэгъу псоми ятокIуэ. Иджы абы "дыщэ лIакъуэхэм» я кьэралыгъуэр щIэрыщIэу кьыззэфIегъэувэж. АдэкIэ дзэшхуэ зэрегъэпэщри, 1382 гъэм Мэзкуу кьеувыхь, урысхэр и жьыIэм кьыщIегъэувэжри, япэм кьату щыта аxышэхэр кьыIэрыхьэу Iуэхур зэтраублэжьыну яхуегъэув. **(Ар дыдэр, нап. 101 - 104).**

АрщхьэкIэ куэд дэмыкIыу «дыщэ лIакъуэхэм» я Iуэхур кьызэIэохьэж. КъуэкlыпlэмкIэ кьыщыуэ хуауэ щыта Темырлан кьагъэгубжь, ар 1388 гъэм зауэлI миниущ щIыгъуэу кьатоуэри, зауэ гуащIэ кьарецIылIэ. А зауэм, адыгэкэри, КъэрэкIыр хъэрэм щыпсэу лъэпкъ псори... Уэсэмэн къэралыгъуэу нобэрей Тырку республикэм и щIыналъэм итар империе хъуэу щыщIидзар адыгэ пащтыхьыгъуэу КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыIар 1517 гъэм зэтракъутэу, тырку сулътIаным мусЛымэн псоми я хъалиф щIэр зыфIищыжа нэужьщ... АдэкIэ тырку-тэтэр лъэпкъэр зэкъуэтъэдзжхэу Уэсэмэн империем и дамэм щIэува нэужькъ, кьыщIэкIа кьэхъукъащIэкэмрэ тхыдэм кьыщыщIуэтэжакэмрэ кьаГъэтlагъуэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыIа адыгэ пащтыхьхэм яIа зэфIэкIкIэр зыхуэдизыр. Ар тырку хэм ямыкъутэфатэмэ, КъэфкIакъ Ищхъэрэм адыгэхэми я тхыдэр нэгъуэщIу кьыщIидзыжьынут.

Адыгэхэмрэ крым хъанхэмрэ

«ДыщIэлакъуэхэм» я къэралыгъуэм зэрыщIыгъуэ крым тэтэр хэр нэхъ кьыщIыззэтенар адрейхэм нэхъ нэхъ бланэу щытахэу аракъым, атIэ я хэщIапIэр быданIэм хуэдэу зэрыщебгъэрыкIуэгъуейрт. Апхуэдэуэри аxэ хьыфIэ Iуфэм и гуэрэгъуэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум пыщIат. КIэщIу жьпIэмэ, Крымыр КъэфкIакъ Ищхъэрэм и Iункlыбзэ пэтыпгъу щытащ, адыгэхэм ар зэгуэрым яныгъуэу щытамэ, яхуэхъумакъым. Сыт-ми, тырку уэсмэнхэр кьэсри, абыхэмрэ тэтэрхэмрэ зэрыпэлъэпкъгъуэр кьагъэсэбэпри, 1475 гъэм щIыналъэр яубыдащ, абы кьыкъэкIыуи ар урыс пащтыхьхэм я кьуэдрэ зыIэщIалъхьэфакъым...

